

Fason pou Jwenn Èd pou Peman Medikaman sou Preskripsyon Medicare Asirans-Vi Valè Nominal ak Valè Racha



Sekirite Sosyal ak Sant Pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo ap travay ansanm pou fè ou jwenn èd siplemantè pou frè preparasyon medikaman ou. Pou detèmine si ou ka elijib pou èd siplemantè sa a, Sekirite Sosyal ap bezwen konnen revni ou ak kantite lajan ou genyen nan kontdepay ou, kantite lajan ou genyen nan investisman ou ak byen imobilye ou (ki pa kay ou). Si revni ak resous ou pa anpil, ou ka an mezi pou jwenn Èd pou peye prim asirans ou yo pa mwa, franchiz asirans ou chak ane ak kopeman preskripsyon nan nouvo pwogram Medicare a pou ede peye medikaman k ap kòmanse premye janvyè 2006.

Lè ou ranpli yon fòmilè Application for Help with Medicare Prescription Drug Plan Costs—*Aplikasyon pou jwenn èd nan plan Medicaare a pou peye medikaman* (Fòmilè SSA-1020), sa ap ede Sekirite Sosyal detèmine si ou elijib pou sa. Youn nan kesyon ki sou fòm aplikasyon an konsènan valè nominal ak valè racha kontra asirans-vi yo.

Ki diferans ki genyen ant valè nominal ak valè racha?

Nan Kesyon 5 lan, Sekirite Sosyal bezwen konnen si ou menm (ak Madanm/Maari ou, si n ap viv ansanm) gen kontra asirans-vi ki gen yon valè nominal total ki pi plis pase \$1,500. Valè nominal la se menm bagay ak prestasyon desè—kantite lajan asirans la peye lè ou mouri. Si ou reponn “Wi” pou Kesyon 5 la, ou dwe rapòte valè racha a—ki se kantite lajan ou ka resevwa si kontra asirans ou te konvèti an lajan kach kounye a—menm si li pi piti pase valè nominal la. Remak enpòtan: Si ou gen yon lajan prete sou kontra asirans lan, valè racha a diminye.

Sekirite Sosyal ap aksepte etadkont ou konsènan valè racha kontra asirans-vi ou epi li p ap mande okenn lòt dokiman.

Èske se tout kontra ki konsidere?

Non. Nan detèminasyon si valè nominal total (prestasyon desè) tout kontra asirans-vi ki depase \$1,500, **Sekirite Sosyal p ap konsidere:**

- Asirans tanporè ki pa gen yon valè racha; oswa
- Asirans antèman lè prestasyon desè ka itilize sèlman pou fè depans antèman.

Èske konpayi asirans yo ap an mezi pou ede?

Wi. Konpayi asirans yo ap resevwa enfòmasyon sou nouvo pwogram preparasyon medikaman Medicare epi y ap fè yo konnen yo ka resevwa demanm valè racha nan men moun ki asire yo oswa nan men moun ki ede yo ranpli fòmilè aplikasyon pou èd siplemantè sa a.

Si ou pa konnen kantite lajan valè racha kontra asirans ou, ou ka bezwen kontakte ajan oswa konpayi asirans-vi ou pou ou ka jwenn enfòmasyon sa a.

Kouman ou ka jwenn plis enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon konsènan èd siplemantè pou peye medikaman ou, rele Sekirite Sosyal nan nimewo sa a **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**) oswa vizite wèbsayt **www.socialsecurity.gov**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou plan Medicare pou ede peye medikaman, rele nan **1-800-MEDICARE** (**1-800-633-4227**) oswa vizite **www.medicare.gov**.

